

## Dlo : yon defi pou nou leve

Samuel Pierre

Si gen yon pwoblèm ki konsène tout moun sou latè epi ki ap vin pi grav chak jou, se pwoblèm pou moun jwenn dlo. Poutan, se pa sa ki manke sou latè; dlo kouvri 71% planèt nou an. Sepandan, dlo dous, tout moun sou latè bezwen pou yo viv, reprezante sèlman 2,8% kantite dlo total la.

Pou plizyè milya moun ki ap viv sou latè, koze jwenn dlo pou yo bwè a, se pa yon jwèt. Konsa, jwenn dlo pou yo sèvi chak jou vin tounen yon sous batay nan kèk rejyon sou planèt nou an. Gen kote moun pa jwenn dlo ditou, poutan gen lòt kote moun yo jwenn dlo agogo pou yo gaspiye epi lage pwazon chimik ladan. Kòm jwenn dlo pou moun bwè se yon dwa fondamantal pou tout moun sou latè, dwe gen dlo disponib pou moun fè tout sa yo bezwen ansanm ak pou liyèn.

Daprè yon desizyon ki soti nan Asanble jeneral LONI nan dat 28 jiyè 2010, « dwa pou moun jwenn dlo pou yo bwè, ki bon pou yo epi ki pwòp, se yon dwa fondamantal, ki esansyèl pou moun kab demontre yo gen dwa pou yo viv ansanm ak tout lòt dwa yo genyen kòm moun<sup>1</sup> ». Pou dwa fondamantal sa a kab ekziste, gen anpil efò ki dwe fèt tout tan pou sa, tankou pran swen dlo a, mete enstalasyon pou dlo a toujou bon pou moun sèvi epi ede moun yo chanje konpòtman yo. Nan ka sa a, nou dwe distenge, sou yo bò, kesyon pou moun jwenn dlo pi fasilman epitou, sou yon lòt bò kesyon pou dlo a toujou rete bon pou moun sèvi.

Sou kesyon pou dlo a rete bon pou moun sèvi a, nou kab di, kantite dlo bon kalite ki genyen sou latè pou moun sèvi, soti nan

49 % nan ane 1990 pou li rive nan 63% nan ane 2010. Sepandan, gen anpil travay ki rete pou fèt, nan sans sa a. Alavèrite, « nan ane 2013 la, 15% moun sou latè, sa vle di 1,1 milya moun, oblije al pou pou atè nenpòt kote yo jwenn. Ratman espas, ki gen bon kondisyon ijyèn pou moun pou pou, lakòz anpil dega nan domèn sante piblik. Chak ane, 1,8 milyon moun mouri akòz yon senp dyare, epi 1,3 milyon mouri anba malarya<sup>2</sup>.»

Si nou mete chif yo sou kote, se divès diferans ki genyen toupatou sou latè ki parèt aklè devan je nou. An jeneral, nou dwe fè tout sa nou kapab pou diminye inegalite ki genyen ant moun rich ak moun pòv yo epi ant zòn lavil ak zòn andeyò. Daprè yon dènye etid Nasyon zini ki te fèt nan 59 peyi ki mwen devlope yo, se sèlman mwatye nan popilasyon peyi sa yo ki genyen bon dlo pou yo bwè, epi ki ap viv nan yon anviwonman ki pwòp epitou 16% popilasyon an pa genyen mwayen pou yo jwenn dlo ni tou yo pa genyen enstalasyon sanità alabaz yo. Nou dwe toujou sonje bon dlo pou moun bwè, enstalyon sanità alabaz yo se eleman tout tibebe bezwen pou yo byen devlope. Sa ki dwe fèt, se, nan lòd, fè moun jwenn bon dlo pou yo bwè, amelyore espas sanità alabaz yo apati fason pou elimine dlo sal ak fatra, byen jere dlo lapli, fè pwomosyon ijyèn apati transfè konesans, administrasyon risk ki kab genyen ansanm ak prevansyon ki pou fèt yo. Tout sa montre, pou gen yon bon administrasyon dlo, sa dwe fèt ak tout sa ki konsène dlo nan lavi moun. ■

1. <http://www.un.org/News/fr-press/docs/2010/AG10967.doc.htm>

2. <http://www.tdh.ch/fr/news/quest-ce-que-la-problematique-de-lacces-a-leau-dans-le-monde>